

REPRESENTASI SIKAP NASIONALISME SAJRONING NOVEL *SAMPUR PAMBAYUN* ANGGITANE R.TOTO SUGIHARTO : TINTINGAN POSTKOLONIAL

Novita Herianti

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
novita.herianti@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Darni, M.Hum.

Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Novel *Sampur Pambayun* anggitan R. Toto Sugiharto ngemot crita kang isine ngandhut tema nasionalisme. Sikap nasionalisme marang negara sajrone novel dilakoni dening saperangan paraga supaya bisa nggayuh kamardikan kanthi wani nglawan bangsa Walanda nalika jaman penjajah, mula underan sajrone panliten iki yaiku (1) kepriye wujud representasi sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun?*, (2) apa wae faktor kang mangaribawani sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun?*, (3) kepriye wujud bela negara sajrone novel *Sampur Pambayun?*, (4) kepriye wujud nyidrani nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun?*. Paedah saka panliten iki nuwuhake pangerten anyar ing dunyane sastra Jawa modern. Teori sajrone panliten iki nggunakake tingingan postkolonialisme. Sumber dhata awujud novel kanthi irah-irahan *Sampur Pambayun* anggitan R. Toto Sugiharto. Dhatane panliten yaiku ukara lan tembung kang gegayutan karo wujud representasi sikap nasionalisme, faktor kang njalari tuwuhe sikap nasionalisme, wujud bela negara, lan wujud cidra marang nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun*. Kanggo nganalisis dhata nggunakake metodhe deskriptif kualitatif. Asile panliten nuduhake representasi sikap nasionalisme saperangan paraga kang ana sajrone novel *Sampur Pambayun* diperang dadi lima, yaiku tresna marang negara, nengenake wigatine bangsa, nyengkuyung marang pembangunan, tanggung jawab marang dhiri pribadhi lan bangsa, ngutamakake ukum lan mujudake *keadilan sosial*, lan siyap kompetisi karo negara liya, dene asil panliten bela negara kerana nduweni sikap nasionalisme uga diperang ana papat ora wedi mati, wani nglawan bangsa penjajah, mbelani rakyat cilik (pribumi), lan ora gampang nyerah. Wujud nasionalisme lan bela negara kasebut dilakoni kerana faktor internal lan eksternal. Asil panliten sabanjure yaiku wujud nyidrani nasionalisme kang kinandhut sajrone novel *Sampur Pambayun*.

Tembung wigati : Representasi, sikap nasionalisme, postkolonial

Abstrak

Novel *Sampur Pambayun* karya R. Toto Sugiharto isinya mengandung tema nasionalisme. Sikap nasionalisme kepada negara dalam novel dilakukan oleh beberapa tokoh supaya bisa menggapai kemerdekaan dengan berani melawan bangsa Belanda ketika zaman penjajah, maka rumusan masalah dalam penelitian ini adalah (1) bagaimana wujud representasi sikap nasionalisme dalam novel *Sampur Pambayun?*, (2) apa saja faktor-faktor kang mempengaruhi sikap nasionalisme dalam novel *Sampur Pambayun?*, (3) bagaimana wujud bela negara dalam novel *Sampur Pambayun?*, (4) bagaimana wujud cidra yang terdapat dalam novel *Sampur Pambayun?*. Manfaat dalam penelitian ini memberikan pengertian baru terhadap dunia sastra modern. Teori dalam penelitian ini menggunakan postkolonialisme. Sumber dhata berupa novel dengan judul *Sampur Pambayun* karya R. Toto Sugiharto. Data dalam penelitian ini yaitu kalimat dan kata yang berhubungan dengan wujud representasi sikap nasionalisme, faktor yang menyebabkan timbulnya sikap nasionalisme, wujud bela negara, dan wujud pengkhianatan kepada nasionalisme dalam novel *Sampur Pambayun* karya R. Toto Sugiharto. Untuk menganalisis dhata menggunakan metodhe deskriptif kualitatif. Hasil penelitian menunjukkan representasi sikap nasionalisme sebagian tokoh yang ada dalam *Sampur Pambayun* dibagi jadi lima, yaitu, cinta kepada negara, mengedepankan kepentingan negara, Mendukung pembangunan., tanggung jawab kepada diri sendiri dan bangsa, mengutamakan hukum dan keadilan sosial, dan, siap kompetisi dengan negara lain, sedangkan hasil penelitian bela negara juga dibagi menjadi empat, tidak takut mati, berani melawan bangsa penjajah, membela rakyat kecil (pribumi), dan tidak mudah menyerah. Wujud nasionalisme dan bela negara tersebut dilakukan karena faktor internal dan eksternal. Hasil penelitian selanjutnya yaitu wujud pengkhianatan nasionalisme dalam novel *Sampur Pambayun*.

Kata kunci : Representasi, sikap nasionalisme, postkolonial

A. PURWAKA

Sastra mujudake gambaran lelakone panguripan manungsa. Karya sastra uga ngrembug perkara-perkara kang ana ing bebrayan. Sastra minangka salah siji wujud seni arupa pikiran lan pangrasane manungsa kanthi endah kang diwujudake arupa basa, idhe lan gagasan, uga amanat kang kinandhut sajrone karya sastra. Jumbuh karo panemune Welle&Warren (2014:03) kang ngandharake sastra yaiku salah siji kagiyatan kreatif, karya seni.

Sastra sajrone basa Indonesia mula bukane saka basa Sansekerta, tegese tembung *sas-*, sajrone tembung kriya turunan nduweni teges ngarahake, menehi piwulangan, lan menehi *intsruksi*. Pungkasan *tra-* tegese piranti utawa sarana. Mula saka iku, sastra mujudake piranti kanggo mulang utawa buku ajar (Teeuw, 2013:20). Sastra mujudake kaca pangilon tumrap ing bebrayan lan wujud *ekspresi* panguripane manungsa senadyan ora kabeh, mula adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen sastra nduweni ancas menehi piwulangan kabecikan tumrap manungsa amarga sajrone karya sastra mujudake gambaran salah sawijine panguripan ing masarakat (Welle&Warren, 2014:119)

Karya sastra kang paling tuwa lan ngrembaka yaiku kasusastran Jawa. Kasusastraan wis dadi bageyan saka masarakat Jawa lan ngrembaka dadi seni kreatif kanthi umur tuwa banget. Kasusastran Jawa wis ana wiwit abad IX nganthi tumeka saiki. Kasusastraan Jawa tuwuh nalika jaman kejayaan Sriwijaya (Sumatera) nganthi kerajaan Medang (Kerajaan Mataram Kuno, Jawa Tengah). Sastra nalika jaman kasebut ditandhani anane pahatan crita Budha ing Borobudur kang asale saka Kitab Lalita Vistara. Kasusastran Jawa kaperang dadi papat, anatarane yaiku: 1) Kasusastran Jawa Kuna, 2) Kasusastran Jawa Pertengahan, 3) Kasusastran Jawa Anyar, lan 4) Kasusastran Jawa Modern (Purnomo, 2011:10). Pangrembakane kasusastran-kasusastran kasebut dipangribawani dening owahe jaman kang saya sprene saya modern.

Sastra Jawa modern yaiku sastra Jawa kang urip saiki. Panguripane bisa dideleng ing medhia basa Jawa, Jawa timur lan Jawa tengah. Wujud sastra Jawa modern bisa kapirsani ing kalawarti Basa Jawa kang terbit saben minggu. Ana telu kalawarti kang isih urip, yaiku Jaya Raya, Panjekar semangat, lan Djaka Lodhang (Darni, 2015:03).

Karya sastra Modern mujudake karya sastra gagrag anyar kang beda saka karya sastra sadurunge. Pambedane bisa dideleng saka struktur sajrone karya sastra kasebut. Karya sastra modern tuwuh sawise ana gerakan nasioanal utawa ora ana ing jaman keraton. Pangripta karya sastra modern nduweni kesadharan nulis crita kang anyar kang dipangribawani dening karya sastra asing. Wujud crita

kang kaserat ing kasusastran modern kaperang dadi loro, yaiku gancaran lan guritan. Gancaran utawa prosa kedadeyan saka prosa fiksi anyar. Prosa fiksi lawas awujud dongeng kang jinise ana sage, legendha, mite, lan fabel, dene fiksi anyar jinise ana novel, cerbung, cerkak, lan roman (Widati, 2010:20).

Jumbuh karo panemune (Hutomo, 1985: 7) ngandharake cerbung mujudake mula bukane pangrembakane sastra Jawa modern. Cerbung basa Jawa tuwuh kawiwitan ing kalawarti *Panjekar Semangat* no.44 taun III, 2 Nopember 1935 kanthi irah-irahan "*Sandal Jinjit ing Sekaten Solo*". Cerbung Jawa nalika jaman kasebut terus ngrembaka lan nduweni panggon ing atine masarakat. Ratna (2010:39) ngandharake jinis-jinise sastra yaiku geguritan, gancaran, lan drama. Jinis sastra kang paling onjo yaiku sastra gancaran, amarga sastra gancaran anggone njlentrehake unsur-unsur sosial dianggep paling onjo. Tuladhane yaiku awujud novel, amarga sajrone novel ngemut babagan kang jumbuh karo kahanan ing masarakat. Basa kang digunakake uga basa padinan yaiku basa kang paling umum digunakake ing bebrayan lan gampang dimangerteni. Novel uga bisa narik kawigaten nalika ditliti.

Novel yaiku asil cipta sastra kang nduweni unsur-unsur panguripan, pamikiran utawa pandhangan, lan *renungan* ngenani masalah-masalah panguripan, filsafat, lan agama (Aminuddin, 2002:38). Saemper karo andharane Nursito (2003:169) ngandharake yen novel mujudake medhia kanggo nuangake pikiran, gagasan, lan pangrasa saka panulis dimen ngerespon panguripan ing sakitare. Nalika ana prekara-prekara kang anyar ing panguripan sakitar, panulis novel bakal ngripta salah siji karya sastra.

Nurgiyantoro (2009:23) ngandharake yen novel yaiku sawijine crita fiksi kang awujud crita dawa lan rowa. Novel dumadi saka rong unsur, yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik yaiku unsur kang bisa mbangun karya sastra. Perangan kasebut uga dadi perangan faktual, nalika pamaca maca karya sastra kasebut, dene unsur ekstrinsik yaiku unsur kang ana sajaban karya sastra, ning uga mangribawani isine karya sastra kasebut senadyan ora langsung.

Miturut Nurgiyantoro (2009:16) novel diperang ana rong jinis, yaiku novel serius lan novel populer. Novel serius nggunakake pranyatan ing panguripan minangka modhel. Modhel kasebut karipta ing donya anyar, crita lan paragane ana ing kahanan tartamtu. Nurgiyantoro uga ngandharake kanggo ngerteni apa isine novel serius merloakake wektu kang luwih serius.

Adhedhasar andharan kasebut, crita sajrone novel mujudake tiruan saka panguripan ing bebrayan. Pangripta

karya sastra kanthi pangerten *intelektualitas* nggali kabudayan masarakat banjur dilebokake sajrone karya sastra, asile bisa dideleng saka kapinterane pangripta anggone nglukis karya sastra kasebut. Mula crita novel ngemut perkara-perkara ing masarakat. Tuladhane sikap nasionalisme kang kudu diduweni saben masarakat individual minangka rasa tresna marang negarane. Kayata sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto kang nyaritakake jaman penjajahan Walanda.

R. Toto Sugiharto mujudake pangripta senior ing dunyaning karya sastra modern. Panjenengane wis akeh banget ngripta karya sastra, tuladhane novel. Toto lair ing Jakarta 4 April 1966, nanging kulawargane pindhah saka Jakarta neng Yogyakarta nalika taun 1974. Persise ing dhaerah Wates, Kulonprogo, DIY. Anggone dadi pangripta karya sastra, Toto nduweni sejarah sing bisa didadekake panutan tumrap bocah-bocah. Nalika isih cilik, panjenengane kangelan anggone nulis lan ngomong ngganggo basa Jawa, mula wong tuwane banjur langganan kalawarti basa Jawa. Kedadeyan kasebut ndadekake Toto nyenengi wacan Jawa, kayata cerkak, jagading lelembut, lan dongeng bocah.

Toto namatake pasinaon ing Universitas Gadjah Mada taun 1994. Panjenengane njupuk jurusan Sastra Indonesia. Saka pawiyatan kasebut Toto banjur ambyur ing jagading sastra Indonesia. Toto kerep nulis karya sastra. Karya-karyane kerep mlebu nomine, kayata puisi “Sajak Bersepeda di Yogya Utara” (Dirjen Kesenian Departemen Pendidikan dan Kebudayaan), “Metamorfosis Kesunyian” (Sanggar Minum Kopi, Bali), cerpen “Dibawah Hujan” (Gonjong, Padang), “Saputangan Merah Jambu” (KAGAMA Virtual), novel owel (Dewan Kebudayaan Bantul), semar mesem, Genderang Baratayudha., lan Mentaok (Balai Bahasa Ngayogyakarta), sarta skenario “Tembang Anak Karang” katulis bareng dening Dyah Tavipa (TVRI Nasional).

Toto uga tau nulis cerkak “laras” kapacak ing kalawarti Jawa anyar. Salah siji cerkake kanthi irah-irahan “Awu” kalebu ing Antologi Cerkak lan Geguritan (Festival Kesenian Ngayogyakarta). Panjenengane tau nggarap kalawarti Jawa Nilakandhi bareng pangripta-pangripta karya sastra liyane kang misuwur, kayata Ardini Pangastuti, Purwadmadi, Bondan Nusantara, Sulebar M. Sukarman, Banuarli Ambardi, lan (alm) Suryanto Sastroatmodjo.

Novel kanthi irah-irahan *Sampur Pambayun* uga mujudake novel kang uga menang nomine lomba panulisan novel basa Jawa ing taun 2018 (Dinas Kebudayaan DIY). Novel *Sampur Pambayun* kasil ngasorake 15 novel. Novel *Sampur Pambayun* nyaritakake ngenani jaman kolonial utawa jaman penjajahan. Mula sajrone novel tuwuh sikap nasionalisme sajrone paraga,

sajrone novel uga nggambarake kahanan nalika jaman perang tentara gerilya digambarake kanthi cetha kepiye wujud kaprawiran bangsa Indonesia nglawan Walanda. Saliyane iku uga ana saperangan paraga sing dicaritakake nandhang katresnan, lan uga nyaritakake wujud *pangkhiyanatan-pangkhiyanatan* bangsa Indonesia.

Novel *Sampur Pambayun* mujudake salah siji novel kang narik kawigaten kanggo diteliti. Perangan kang narik kawigaten yaiku wujud sikap-sikap nasionalisme. Sikap nasionalisme kasebut bakal diandharake kanthi cetha wujud lan maknanae kerana representasi. Representasi mujudake prodhuksi makna nganggo basa. Liwat basa (simbol, tandha, lesan, utawa gambar) kasebut pawongan bisa ngungkapake pikiran, konsep, lan idhe-idhe tumrap sawijine obyek (Juliausti, 2000:1). Mula sikap nasionalisme sajrone novel bakal kaandharake kanthi cetha teges lan maknane.

Cundhuk karo andharan kasebut, mula tuwuh underane panliten yaiku, (1) kepriye wujud representasi sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto?, (2) apa wae *faktor-faktor* kang mangaribawani sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto, (3) kepriye wujud bela negara sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto?, lan (4) Kepriye wujud cidra marang nasionalisme kang kinandhut sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto?. Paedahe sajrone panliten iki bisa nuwuhake pangerten-pangerten anyar ngenani dunyaning sastra Jawa modern lan tumrap piwulang sastra sabanjure nduweni referensi kanggo nyengkuyung panlitene lan gampang anggone nindakake panliten.

Sikap nasionalisme sajrone novel bakal ditintingi kanthi nggunakake teori postkolonial. Teori Postkolonialisme yaiku cara-cara kang digunakake kanggo nganalisis maneka werna, kayata sejarah politik, ekonomi, sastra, lan dhokumen liyane, kang kedadeyan ing negara-negara bekas koloni Eropa modern (Ratna, 2008-90). Teori postkolonial bisa dinyatakake minangka teori kang bisa digunakake minangka piranti analisis kanggo nggugat praktek-praktek kolonialisme kang isih ana utawa wujud kolonialisme anyar kang bisa nuwuhake panguripan awujud *rasisme*, sesambungan panguwasa kang ora padha, budaya *subaltern (kelompok penguasa)*, *hibriditas (hubungan dua budaya dengan identitas berbeda)*, lan ora nganggo *propaganda* perang (*upaya untuk memanipulasi alam pikiran seseorang*) lan *kekerasan fisik*, nanging dikomunikasiake kanthi sadhar lan anane gagasan (Martono, 2012:101-132).

Teori postkolonial uga bisa digunakake karya sastra kang isine *flashback* dening paraga, kang wigati yaiku isi sajroning karya ngandhut bab penjajahan. Andharan

kasebut jumbuh karo panemune Griffiths lan Tiffin (Sajrone Aziz, 2003:201) ngandharake konteks kasusastraan postkolonial, karya-karya kang diasilake nalika utawa sabanjure penjajahan bisa ditrima minangka karya kesusastraan postkolonial yen karya kasebut ngrekam wacana pascakolonial, artine kesusastraan postkolonial ora kaiket wektu, nanging kaiket wacana postkolonial. Griffiths lan Tiffin uga ngandharake yen postkolonial *merujuk* kolonialisme nalika utawa sabanjure penjajahan.

Panganggone teori postkolonial sajrone panliten mawa ancas kanggo mangerteni sikap nasionalisme lan *faktor-faktor* kang mangaribawani anane sikap nasionalisme nalika jaman kolonial. Obyek kang bakal didadekake yaiku novel kanthi irah-irahan *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Mula adhedhasar andharan kasebut, irah-irahan saka panliten kang arep diteliti yaiku *Representasi Sikap Nasionalisme Sajroning Novel Sampur Pambayun Anggitané R. Toto Sugiharto: Tintingan Postkolonial*.

B. METODHE PANLITEN

Sumber dhata lan dhata nduweni peran kang wigati. Saka sumber dhata bisa pikantuk informasi kang dibetahake kanggo panliten. Saka dhata kasebut panliti uga bisa pikantuk katrangan ngenani objek kang bakal diteliti (Ratna, 2013:147). Sumber dhata *primer* ing panliten iki yaiku salah saji crita novel kanthi irah-irahan *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Isine ngenani sikap nasionalisme paraga-paraga nalika jaman kolonial. wujud fisike novel yaiku nggunakake halaman, katulis kanthi cetha (tulisane ora ana sing rusak), sampul novel dicetak kanthi apik supaya narik kawigatene pamaca, lan liya-liyane, dene dhata *sekunder* yaiku crita panyengkuyung sajrone novel *Sampur Pambayun*. Crita panyengkuyunge kayata anane wujud bela negara sajrone novel, lan cidrane saperangan paraga nalika jaman kolonial.

Dhata mujudake asil cathetan saka panliti, awujud fakta uga bisa awujud angka (Arikunto, 2010:161). Dhata sajrone panliten iki yaiku dhata *primer* lan dhata *sekunder*. Dhata *primer* yaiku awujud dialog antarane paraga, paragraph, tembung-tembung, ukara, lan liya-liyane kang sesambungan karo prekara kang bakal diteliti. Dene dhata *sekunder* utawa dhata panyengkuyung dhata *primer* yaiku wujud cidra marang bangsa lan wujud bela negara tumrap bangsa.

Endraswara (2008:162-163) merang ana telung cara kanggo nglumpukake dhata, yaiku: (1) nemtokake unit analisis, (2) nemtokake dhata, lan (3) nyathet dhata. Nemtokake unit analisis mujudake bab kang utama sadurunge jlentrehake isi sajrone crita novel *Sampur*

Pambayun yaiku kudu nemtokake dhisik bab kang onjo. Bab kang onjo sajrone novel yaiku ngenani sikap nasionalisme. Panliten iki nemtokake apa wae wujud nasionalisme sajrone novel sampur pambayun, lan apa wae faktor kang njalari anane sikap nasionalisme kasebut. Nemtokake dhata sawise nemtokake unit analisis yaiku kudu nemtokake dhata. Carane yaiku maca novel kanthi mepeng supaya bisa njlentrehake isine novel jumbuh karo bab kang bakal dianalisis, dene panliten sastra tulis mbutuhake dhata-dhata kang perlu anane cathetan-cathetan, sajrone nyathet dhata ana saperangan bab sing kudu digatekake, antarane yaiku: (1) latiyen lan persiyapan supaya nyathet kanthi bener, (2) nyathet dhata kang nuduhake pesen utawa makna simbolik, lan (3) nyathet tetembungan kang ora dimangerteni.

Njlentrehake dhata sajrone panliten iki yaiku nggunakake teknik analisis *dheskriptif*. Tata cara nglumpukake dhata wis ngandharake analisis dhata nggunakake analisis kang diandharake dening Ratna (2010:39). Analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintingi perkara kang gegayutan karo panliten iki uga kinandhut sajrone novel kasebut, mula tata cara kang digunakake nganalisis dhata sajrone panliten iki yaiku: (1) nglumpukake dhata sakeh-akehe kanthi nyathet dhata ing sawijine buku cathetan khusus. Milih dhata sing jumbuh karo perkara-perkara sajrone panliten, banjur dideleng dhata sing wis diperlokake wis jangkep apa durung, (2) Sawise dhata wis jangkep, banjur diandharake laras karo underan panliten kasebut. Kayata kepriye wujud sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto, uga *faktor-faktor* apa wae kang mangaribawani sikap nasionalisme kasebut, (3) Njlentrehake dhata-dhata kang ana sesambungan wujud nasionalisme, wujud bela negara lan wujud cidra marang nasionalisme sajrone novel sampur pambayun anggitané R. Toto Sugiharto, (4) Njlentrehake underan panliten kanthi jangkep nanging ora metu saka underane prekara sajrone novel, lan (5) Nggawe asil panliten kang trep. Dhata diandharake kanthi ringkes lan jangkep supaya pamaca luwih cetha ngenani asil saka panliten.

Sawise nindakake ngolah dhata-dhata sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto, miwiti nulis asile panliten. Asile panliten yaiku wujud saka underan panliten, yaiku kepriye wujud sikap nasionalisme sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto, uga *faktor-faktor* apa wae kang mangaribawani sikap nasionalisme kasebut. Dhata-dhata ing panliten iki dianalisis nggunakake metodhe informal amarga ngandharake dhata kanthi nggunakake basa. Basa kang digunakake sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto nggunakake basa padinan ing bebrayan.

C. ANDHARAN

Bab iki bakal ngandharake ngenani asile panliten kang wis katindakake. Supaya gampang anggone njlentrehake isine panliten, mula kaperang dadi patang sub-bab, yaiku: 1) Wujud representasi sikap nasionalisme sajroning novel *Sampur Pambayun*, 2) Bab-bab kang njalari tuwuhe sikap nasionalisme sajroning novel *Sampur Pambayun*, 3) Wujud bela negara sajroning novel *Sampur Pambayun*, lan 4) Wujud tumindak cidra marang nasionalisme sajroning novel *Sampur Pambayun*.

4.1 Wujud Representasi Sikap Nasionalisme Sajroning Novel *Sampur Pambayun*

Wujud nasionalisme kang ana sajrone novel bakal diandharake kanthi subbab, supaya gampang anggone medharake lan dimangerteni dening para pamaca. Martaniah (sajrone Anggraeni, 2004:71) ngandharake enem karakter kang makili sikap nasionalisme: (1) tresna marang negara, (2) luwih nengenake wigatine bangsa, (3) nyengkuyung marang pambangun, (4) tanggung jawab marang dhiri pribadhi lan bangsa, (5) ngutamakake ukum lan mujudake *keadilan sosial*, (6) siyap *kompetisi* karo negara liya. Enem wujud sikap nasionalisme kasebut ana ing sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto. Wujud sikap nasionalisme kasebut bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.1.1 Tresna Marang Negara

Negara Indonesia salah siji negara kang lair kerana anane sikap tresna marang negara. Tanpa anane rasa tresna marang negara, Indonesia ora bakal kawujud, kaya kang wis dimangerteni, negara Indonesia nduweni sejarah kang dawa supaya dadi negara kang mardika. Tanpa anane tresna marang negara, bangsa Indonesia saiki wis diduweni dening bangsa liya. Tumindak tresna marang negara kasebut ana sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto. Petikane bisa kapirsani ing ngisor iki.

Kanggo tes utawa pacoban, carane Prayitno kudu kasil nyolong pistol sakmimise duweke Walanda. Menawa kasil tenan Prayitno bakale ditampa dadi anggota laskar. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-21)

Petikan kasebut mujudake kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut nggambarake paraga Prayitno ngukuhi sikap nasionalisme tresna marang negara. Sikap kasebut kedadeyan amarga paraga Prayitno wis gething banget karo pokale bangsa Walanda kang njajah masarakat cilik, mulane dheweke wis nduweni tekad melu gerilyawan dadi anggota Laskar Panji Lelana kang dipangarasani dening Pitaya. Pitaya mujudake

pawongan kang utama ngawujudake Laskar Panji Lelana. Mula bukane jeneng Laskar Panji Lelana iku jalaran Pitaya seneng banget marang lakon Panji. Jaman cilikane Pitaya nonton pagelaran wayang mbeber lakon Panji Asmarabangun. Pungkasane solah bawa, tata krama, lan trapsila Panji kang dicaritakake Ki Dalang didadekake patuladhan dening Pitaya. Mula nalika nggawe jeneng laskar dheweke ngajokake jeneng Panji lan ditambahi lelana dening Seta, dene tegese Laskar Panji Lelana yaiku satriya kang tansah bebara, lelaku, utawa ngumbara. Sadurunge melu dadi laskar, Prayitno dadi maling kang njupuki banda dunyane Walanda, banjur diwenehake marang para pribumi, nanging anggone menehi ora dimangerteni dening masarakat. Sawijine dina Prayitno mbegal omahe priyayi sing diarani dadi telik sandine Landa sing isih sedulur sanak Pitaya. Nalika Prayitno mlebu omahe Priyayi kasebut, dheweke dicekel dening Pitaya kang lagi sowan ing kana. Saka kedadeyan kasebut Pitaya ngongkon Prayitno mlebu ing Laskar, nanging kanthi cara diwenahi pacoban kaya ing petikan ndhuwur. Representasi sikap nasionalisme kang disandhang dening paraga Prayitno mujudake sikap rasa mangkele dheweke amarga wis jengkel marang pokale Walanda, mula dheweke gelem nindakake pakaryan kang mbebayani dheweke dhewe, yaiku nyolong bedhil lan mimise Walanda supaya bisa mlebu dadi kanca laskar utawa mlebu gerilyawan.

4.1.2 Nengenake Wigatine Bangsa

Nengenake wigatine bangsa bisa kanthi rong cara, yaiku kanthi cara langsung lan ora langsung. Tegese kanthi cara langsung yaiku ana wujud kang bisa dideleng lan dirasakake uga bisa ndadekake ngrembakane bangsa. Tuladhane yen kanthi cara langsung yaiku melu tumindak utawa aksi bela negara, melu *partisipasi* tumrap ngrembakane negara, mbayar pajak, lan liya-liyane. Nengenake kanthi cara ora langsung tegese yaiku ora nduduhake tumindak kanthi langsung lan wujud ora bisa dimangerteni nanging bisa dirasakake, tuladhane yaiku tresna marang negara, ndadekake pribadhi sing ora gampang nglalekake sejarah, nuwuhake sikap tresna marang prodhuke dhewe, lan isih akeh banget. Tumindak nengenake wigatine bangsa bisa dirasakake banget dening bangsa lan negara nalika jaman penjajahan. Tumindak kasebut bisa dipirsani uga ing sajroning novel *Sampur Pambayun*, petikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Ora peduli si Kenya kanca rakete. Amarga Pitaya wis kasil mbuktakake menawa si Kenya pancen telik sandine Landa” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-28)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan lan narasi saka pangripta. Kahanan ing petikan kasebut nalika Pitaya, Seta, lan Prayitno mangerteni yen kanca rakete aran Sukaeni dadi telik sandine Walanda. Kedadeyan kasebut nalika ketelu laskar kasebut ngrencanakake ukuman pati marang Sukaeni. Sukaeni ing wengi kuwi diajak dening Prayitno lan Seta nonton keroncong ing Magersari Yogyakarta. Panggenane ana ing gedhung Indra. Pagelaran iku nganggo jeneng *Krontjong Malam Pandjang di Jogja*". Pagelaran keroncong iku ngemu ancas nyengkuyung para gerilyawan, saka adol karcis dhuwite disumbangake kanggo para gerilyawan. Kedadeyan ukuman pati kasebut dileksanani nalika tanggal 11 November 1949 ing segara kidul, anggone ngrencanakake ukuman kasebut, Seta lan Prayitno andum gawe. Seta sing ngupaya mbujuk si Kenya supaya melu nekani pentas keoncong, dene Prayitno sing dadi eksekutor. Sukaeni mujudake pawongan kang nduweni pasuryan kang banget sulistya, ora mung pasuryane nanging swarane uga tansah nggawe pawongan kang ngrungokake dadi tresna. Sukaeni uga bisa diarani manungsa kang gampang raket karo sapa wae, utawa grapyak, nanging ora disangka menawa dheweke dadi telik sandine Landa, mula ukuman kang pantes yaiku mung ukuman pati. Representasi sikap kasebut yaiku senadyan si kenya ayu kanca rakete, nanging dheweke kudu tetep dieksekusi amarga dheweke wis wani-wani dadi telik sandine Landa. Kahanan kasebut bisa dimangerteni yen para paraga sajrone novel nduweni sikap nasionalisme luwih nengenake wigatine bangsa tinimbang awake dhewe.

4.1.3 Nyengkuyung Marang Pambangunan

Wujud pambangunan ing Indonesia wis ana wiwit jaman kolonialisme lan revolusi, yaiku bebarengan mbangun panguripan kang mardika saka bangsa Eropa. Wujude pambangunane bisa maneka werna. Ora mung arupa bangunan utawa *faktor* ekonomi, nanging uga bisa ditindakake kanthi cara menahi pamawas utawa ilmu. Wujud pambangunan kaya mangkono uga ana sajroning novel kanthi irah-irahan *Sampur Pambayun*, Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

"Pagelaran kroncong iku ngemu ancas tujuwan nyengkuyung para gerilyawan. Saka karcis sing ditawakake ing markas-markas gerilyawan, kasedya rega f 20,- kanggo kelas siji lan karcis rega f 10,- kanggo kelas loro. Dhuwit saka dodolan karcis sabanjure disumbangake kanggo para prajurit gerilyawan. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-29)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut

nggambarake tumindake masarakat Yogyakarta melu nyengkuyung anane pambangunan kamardikan. Kahanan ing petikan kasebut kedadeyan nalika ngepasi dina eksekusine kenya ayu aran Sukaeni. Sukaeni diukum pati amarga dheweke konangan dadi telik sandine Walanda. Pagelaran kroncong didadekake alasan supaya paraga Prayitno, Seta, lan Pitaya gampang anggone eksekusi lan sakanca Laskar ora ana sing cubriya. Saliyane iku Sukaeni pancen wanodya sing pinter anggone nembang kroncong. Kapinterane kerana wiwit cilik nalika umur sepuluh taun dheweke wis diajak dening Ibune Setyawati nekani pasamuwan. Bali tekan ing omah Sukaeni rengeng-rengeng sinau nyanyi, banjur tenan nalika dewasa Sukaeni dadi penyanyi kroncong. Akeh grup-grup kroncong sing ngajak Sukaeni nyanyi, saya suwe jeneng Sukaeni saya moncer. Saya maneh bareng *Sampur Pambayun* warisan saka ibune digawe pentas, ndadekake Sukaeni tambah disenengi para penonton awit swara, pasuryane, lan solah bawane merakati. *Sampur Pambayun* warisan saka ibu caritane nalika jaman ibune Sukaeni isih prawan, kesemsem dening juragan kopi saka Walanda kang aran Dwight, yaiku bapane Sukaeni. Ibune bisa seneng marang Sukaeni amarga tresna marang gaman sing digawa Dwight yaiku slendhang sing entuk jalaran lelang ing Leiden. Dongenge slendhang iku ndhisik kagungane Rara Pambayun, putri mbarepe Panembahan Senapati. Slendhang kasebut kabare bisa tekan kana amarga dicolong dening Raffles saka kraton Ngayogyakarta nalika sesambungane karo kraton isih cedhak dek jaman semana. Representasi sikap nasionalisme kasebut ditindakake masarakat Yogyakarta kerana dek jaman semana anggone nggayuh kamardikan sarwa kacingkrangan, tuladhane ekonomi kanggo para pejuwang utamane para gerilyawan, mula masarakat Yogyakarta utawa para priyayi nganakake pagelaran kroncong supaya asile bisa disumbangake dening para gerilyawan.

4.1.4 Tanggung Jawab Marang Pribadhi lan Negara

Tanggung jawab kuwi nduweni sipat kodrati, tegese mujudake bageyan dati ing panguripane manungsa, saben manungsa mesthi ana tanggung jawab sing kudu dilakoni. Manungsa kang nindakake tanggung jawab mujudake manungsa kang nduweni adab (mbudidaya). Tanggung jawab wis ana wiwit manungsa dilairake, tuladha kang paling gedhe nalika manungsa diuji nanggung jawabake marang negarane nalika jaman kolonialisme utawa jaman revolusi. Wujud tanggung jawabe ora liya kudu bisa mertahanake negarane supaya ora direbut dening bangsa penjajah. Wujud tanggung jawab sing kaya mangkono bisa dipirsani ing novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto. Petikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Tuwuhe pikiran kaya ngono jalaran Seta duwe cekelan pusaka saka bapa lan simbah buyut utawa leluhure. Pusaka mau wujud ora katon utawa ora kasat mata, nanging bisa dirasakake kanthi ukara endah arupa unen-unen mangkene: “sugih tanpa bandha, digdaya tanpa aji, nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-39)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan saka novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut nggambarake paraga Seta nduweni tanggung jawab marang dhiri pribadhi lan negara. Tanggung jawab kang ditindakake dening paraga Seta amarga dheweke rumangsa melu nduweni negara Indonesia. Seta ora kapengin yen apa kang diduweni dijupuk utawa direbut dening negara liya, mula dheweke tanggung jawab njaga negara sing ditresnani. Kahanan ing petikan kasebut kedadeyan nalika pangripta nyariosake jati dhirine paraga Seta sing luwih nengenake wigatine bangsa. Seta ngurbanake uripe kanggo mardikane bangsa Indonesia kanthi eklas, mula nalika tuwa Seta ora njupuk bayaran pensiunan nalika dadi gerilyawan. Representasi sikap nasionalisme tanggung jawab marang awake dhewe lan bangsane diwujudake kanthi paraga Seta eklas lila lan legawa anggane ngurbanake awake dhewe marang bangsa kang ditresnani, anggane nindakake bab kasebut Seta uga tanggung jawab marang awake dhewe supaya bisa kasil nggayuh kamardikan, kanthi pangeling-eling ajian kang arupa unen-unen Jawa pikantuk saka leluhure.

4.1.5 Ngutamakake Ukum lan Mujudake Keadilan Sosial

Nglanggar ukum mujudake tumindake pawongan utawa sakelompok kang nglanggar aturan kanthi ukum-ukum kang wis ana, nanging anane ukum ora ndadekake sakabehe warga negara Indonesia tansah ngukuhi ukum ing negarane, ana wae masarakat kang isih wani-wani nglanggar, kanthi sengaja utawa ora disengaja. Nglanggar aturan ukum uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto, petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Seta ngusapi luh sing ndlewer alon ing pipi kekarone. Sejatine ndhisik dheweke kepingin nylametake Pacar Banyu saka ukuman pati. Nanging kepriye maneh. Seta ora duwe daya. Awit negara ora kena diregedi dening pengkhianat kaya Pacar Banyu kang meneng-meneng dadi telik sandine Walanda. Wis ana pirang nyawa gerilyawan wae kang gugur amarga pokale Kenya iku” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-33)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Andharan kasebut nuduhake menawa paraga Seta nduweni sikap nasionalisme ngutamakake ukum lan mujudake *keadilan* tinimbang urusan pribadhi. Kahanan kasebut disengkuyung anane tumindake Seta sing luwih milih ngukum pati Pacar Banyu senadyan si kenya banget ditresnani dening Seta. Petikan kuwi kedadeyan nalika paraga Seta lan sakanca laskar lagi ngepyakake padhepokan Panji Lelana. Seta nyariosake kedadeyan nalika jaman revolusi, ora liya ya ngukum pati kenya ayu kang aran Pacar Banyu alias Sukaeni. Seta lan Sukaeni pancen dadi kanca raket, malah kepitung nduwe rasa kang mirunggan. Pangrasa kasebut kudu diilangi amarga Sukaeni wis nyidrani bangsane dhewe, yaiku dadi telik sandine Landa. Seta tresna marang Sukaeni awit ketemu sepisanan ing ngarep omah pasamuwan ditepungake dening mas Jun ing Magersari. Pasamuwan dianakake dening tangga teparo kang omahe cedhak karo mas Jun uga Sukaeni. Representasi sikap kasebut yaiku senadyan si kenya ayu banget ditresnani dening Seta, nanging Seta luwih milih ngutamakake ukum amarga NKRI mujudake *harga mati*. Senadyan sajrone ati Seta kapengin nylametake Sukaeni saka ukuman pati, nanging dheweke ora duwe daya mung bisa nangis yen kelingan dek jaman semana mangerteni jisime Sukaeni sing digawa dening Prayitno lan diuncalake ing segara kidul.

4.1.6 Siyap Kompetisi karo Negara Liya.

Jaman kolonial lan revolusi, masarakat Indonesia nindakake *kompetisi* karo bangsa penjajah jalaran merjuwangake objek kang padha, yaiku nguwasani negara Indonesia. Wujud *kompetisi* ana maneka werna tumindak kang dilakoni kanthi adus kringet supaya bisa ngasorake bangsa penjajah. Tumindak kang dilakoni bisa kanthi langsung siyap ngurbanake nyawane kanggo perang, uga bisa nindakake kanthi cara liyane, yaiku bisa kanthi babagan ekonomi, elmu, lan liya-liyane. Wujud tumindak siyap *kompetisi* karo negara penjajah uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Ooo, ngaten, nggih.”

“menika naminipun strategi bumi hangus,” guyone Seta

“Sesampunipun kedadosan obong-obongan kandhang, menapa panjenengan taksih kepanggih malih kaliyan dhik Yitno?” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-106)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca tengah sajroning novel lan narasi saka pangripta. Tumindak ing petikan kasebut dilakoni nalika jaman revolusi dening para

gerilyawan kang merjuwangake Indonesia mardika, yaiku paraga Seta, Prayitno, Pitaya, lan kanca gerilyawan liyane. Petikan kasebut ditindakake nalika paraga Seta lagi ndongeng marang Sura Wijaya lan Prayitno babagan perang jaman penjajahan duk ing nguni ing omahe Seta. Seta cerita yen nalika dadi gerilyawan tau ana prastawa kang bakal mbabayani nyawane, yaiku anane tumindake para penjajah lan antheke-antheke arep mateni para pejuwang Indonesia kanthi cara mbakar urip-urip ing kandhange dhewe, nanging kahanan kasebut bisa diatasi dening para gerilyawan jalaran sadurunge nganakake rapat ing salah siji markas, ana kang mbocorake yen markase arep diobong dening Landa, mula para gerilyawan nggawe apus-apus utawa kabar angin ngenani panggonan kang bakal didadekake gerilyawan wawan rembug. Representasi sikap kasebut ditindakake para gerilyawan minangka tak-tik perang anggone mungsuhi Walanda. Para pejuwang Indonesia mangerteni yen para Landa mesthine nduwe akeh cara kang apik kanggo numpas warga negara Indonesia, mula para gerilyawan uga kudu nduweni tak-tik perang kang apik supaya ora gampang diasorake dening bangsa Landa.

4.2 Faktor kang Njalari Tuwuhe Sikap Nasionalisme

Walanda mujudake negara kang paling suwe njajah Indonesia wiwit taun 1600-an lan wis kasil nguwasani bangsa Indonesia. Kapenginan Walanda kanggo nguwasani Indonesia kerana Sumber Daya Alam sing bisa diarani gemah ripah loh jinawi, mula bangsa Landa nggupaya supaya bisa ngrebut negara Indonesia. Kawiitan Walanda nguwasani Indonesia kerana anane VOC kang diwujudake taun 1602. VOC ngemu ancas supaya bisa monopoli *perdagangan* ing nuswantara. Pungkasane VOC njupuk ahli pamerintahan lan didadekake minangka koloni. Minangka wilayah koloni, VOC pancen mbangun sekolah-sekolah kanggo bocah-bocah nganthi tekan Walanda. Pambangunan dalan lan *infrastruktur* liya ditindakake, nanging bab kasebut mung *strategi* supaya VOC bisa lancar anggone dagang.

Indonesia wis pikantuk nasib kang sarwa kacingkrangan suwene telungatus taun. Ora bisa urip bebas lan nemtokake awake dhewe. Makarya kanthi kapeksa dilakoni dening masarakat Indonesia minangka rasa patuh marang panguwasa Walanda. Tumindak uwal saka kahanan kasebut pancen wis dilakoni supaya Indonesia mardika, nanging kabeh upaya ora ana kasile amarga kapinterane bangsa Landa lan perjuwangan bangsa Indonesia isih ana ing dhaerah-dhaerah ora nyawiji manunggal sakabehe warga Indonesia. Taun 1900-an perjuwangan bangsa Indonesia wis bisa dipirsani, nasionalisme wiwit tuwuh lan ngrembaka saengga

nduweni kapenginan kanggo merjuwangake bebarengan Indonesia mardika. Faktor tuwuhe sikap nasionalisme ing Indonesia mesthine ana bab kang njalari. Faktor kasebut kaperang dadi loro, yaiku internal lan eksternal. Faktor Internal mujudake faktor kang tuwuh saka njero, dene eksternal faktor kang tuwuh saka njaba. Sikap nasionalisme kang tuwuh ing dhiri pribadhi masarakat Indonesia uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Sikap-sikap kasebut mesthine ana faktor kang njalari. Faktor-faktor kang njalari kasebut bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.2.1 Faktor Internal

‘aktor internal sikap nasionalisme bangsa Indonesia sansaya ngrembaka nalika jaman kolonialisme lan revolusi. Mula bukane bebarengan karo jembare administrasi lan birokrasi kolonial kang tuwuh sakabehe nuswantara. Kahanan kasebut kanthi cara ora langsung nuwuhake sikap nasionalisme bangsa Indonesia amarga mangerteni negarane wis dijajah bangsa asing (Kahin sajrone Utomo, 1995:40). Faktor internal kang ana sajroning dhiri pribadhi masarakat Indonesia tuwuh kerana nduweni pangrasa lan panguripan kang padha amarga penjajahan dening bangsa asing. Kapenginan urip uwal saka negara jajahan uga mujudake Faktor kang utama tuwuhe rasa nasionalisme ing masarakat pribumi.

Indonesia wis mardika wiwit taun 1945, nanging menawa dipirsani nganthi tumeka saiki isih ana jajahan-jajahan kang ditindakake dening bangsa asing tumrap Indonesia. Penjajahan kasebut pancen ora bisa dipirsani kaya dene jaman kolonialisme utawa revolusi, nanging kanthi cara alus. Bisa dipirsani yen masarakat bisa mawas karo kahanan ing negarane. Kahanan kasebut uga ndadekake tuwuhe sikap nasionalisme para pawaris bangsa jalaran ngrembakakake pendhidhikane, mula paham nasionalis wis ngrembaka ing bidhang politik, ekonomi lan budaya. Faktor internal kang njalari tuwuhe sikap nasionalisme bangsa Indonesia uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Wujud tumindake ana maneka werna kang bakal diandharake kanthi sub-bab supaya gampang anggone njlentrehake, mula kaperang dadi loro, yaiku (1) faktor internal pendhidhikan lan pambangunan, lan (2) faktor internal tuwuhe nasionalisme nyidrani pribumi lan negara. Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.2.1.1 Faktor Internal Pendhidhikan lan Pambangunan

Pendhidhikan mujudake upaya-upaya kanthi sadhar kang ditindakake dening manungsa supaya bisa nemokake lan mangerteni luwih akeh babagan tartamtu.

Manungsa ing dunya iki tansah mbutuhake pendhidhikan supaya bisa nindakake pakaryan kanthi becik lan ora kliru. Pendhidhikan ana maneka werna wujud, lan ora winates. Manungsa kang kapengin mangerteni salah siji bab saka pawongan liya, kuwi wis bisa diarani pikantuk ilmu pendhidhikan. Pangerten liya yaiku, ilmu pendhidhikan minangka proses kagiyatan tumrap salah siji kahanan kanthi cara nggunakake piranti, metodhe, utawa prosedhur, saengga ngasilake kawruh utawa pangerten anyar. Tegese ilmu pendhidhikan bisa didadekake sarana kanggo nuwuhake sikap-sikap becik ing dhiri pribadherine manungsa. Ilmu bisa diolehi ing endi wae lan saka sapa wae, ning faktor kang paling onjo bisa dipangaribawani dening wujud pembangunan, supaya anggone sinau bisa luwih nyaman lan tentrem.

Pembangunan mujudake proses owahe sakabehe *sistem sosial* kayata, politik, ekonomi, pendhidhikan, teknologi, lan liya-liyane. Pembangunan uga bisa ditegesi minangka upaya-upaya kang dilakoni kanthi sadhar kang nduweni tujuwan ngrubah lan ndadekake kahanan luwih becik, dilakoni dening bangsa, negara, pamerintah, lan liya-liyane. Adhedasar andharan kasebut bisa dimangerteni tegese pambungan yaiku owahe kahanan kang luwih becik kerana tumindak kang dilakoni kanthi direncanakake. Wujud pembangunan bisa maneka werna, gumantung *sistem* apa kang kudu diowahi supaya dadi luwih becik. Tuladhane pembangunan nalika jaman kolonial lan revolusi kanthi nyengkuyung Indonesia mardika.

Faktor internal tuwuhe sikap nasionalisme kanthi pendhidhikan lan pembangunan mujudake tumindak kang dilakoni kanthi menehi kawruh. Masarakat pribumi nalika jaman kolonial lan revolusi isih kacingkrangan bab ilmu lan pembangunan kang dadi sitem panyengkuyunge, mula saperangan masarakate melu nyengkuyung menehi kawruh tumrap pejuwang-pejuwang bangsa lan menehi panggonan. Tujuwane supaya ora gampang diasorake dening bangsa penjajah. Ilmu kang diwenehake bisa maneka werna. Tuladhane bab olah kanuragan lan nduweni sikap pejuwang. Wujud Faktor internal tuwuhe sikap nasionalisme kanthi pendhidhikan lan pembangunan uga ana sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

”Seta oleh crita saka sedulure telu menawa Salami luwih akeh ngentekake wektune ing alas tinimbang ing omah. Kamangka bojone uga gemati lan sregep. Kanthi cara urip sing dilakoni Salami iku dudu ateges dheweke pisah turu karo bojone. Kaya ngono mau amarga Salami pancen lagi nglakoni laku prihatin. Mrihatinake kahanan negara sing lagi dijajah dening bangsa manca,

Walanda lan Jepang” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-82)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca tengah sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut nuduhake menawa paraga Salami nduweni rasa nasionalisme jalaran prihatin marang kahanan negara kang saya kisruh amarga pokale Walanda. Kahanan ing petikan kasebut nalika paraga Seta lagi meguru ing padhepokane bapa Salami. Seta mangerteni ing tengahing wana ana padhepokan jalaran dheweke mlayu saka pasar pribumi amarga nggranat nanas para bule sing bubar ngobrak-abrik pasare para pribumi. Seta mangkel amarga bule kasebut wis tumindak sawiyah-wiyah marang bocah lan para wanodya. Bapa Salami gelem nampa Seta dadi anake lan mulang ilmu kanuragan amarga mangerteni yen Seta wiwit cilik wis gedhe banget anggone nresnani negarane. Sasuwene telung taun Seta ngabdi ing kana nganthi terjun dadi gerilyawan. Saliyane oleh ilmu, Seta uga nduweni sedulur tuwa sing wis wiwitan melu sinau ing padhepokane Salami. Sedulure ana telu yaiku Tuwuh, Saja, lan Giyadi. Bocah telu kerep nyaritakake ngenani bapa Salami marang Seta. Salah sijine gelem pisah karo kulawargane ngedegake padhepokan tengah alas supaya bisa menehi ilmu marang para pejuwang bangsa.

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening paraga Salami kerana tresna marang negarane, prihatin marang nasib para sedulur saperjuwangan kang nduweni nasib padha, yaiku dijajah dening Landa, mula tuwuh sikap nasionalisme sajroning dhiri pribadherine paraga Salami. Salami gelem ngurbanake awake pisah karo kulawargane supaya negara bisa nduweni pejuwang sing ora wedi mati lan nduweni rasa nasionalisme ndhuwur.

4.2.1.2 Faktor Internal Tuwuhe Nasionalisme Nyidrani Pribumi lan Negara

Cidra mujudake tumindak ora setya lan bisa nggawe kuciwa. Manungsa ing dunya iki kabeh tau nindakake tumindak cidra, kanthi disengaja utawa ora disengaja. Bab kasebut mesthine ana bab kang njalari tuwuhe tumindak cidra. Tuwuhe tumindak cidra, yen dirasa isih kanggo kabecikan bisa dipangapura, nanging yen tumindake ala, lan ora kanggo kabecikan, bakal nuwuhake kedadayan kang bakal mbebayani awake dhewe lan wong liya. Tumindak cidra bisa didadekake bab kang nuwuhake tumindak liya, tuladhane yaiku tuwuhe sikap nasionalisme kerana anane *faktor* internal nyidrani para pribumi utawa sedulure dhewe lan negarane.

Faktor internal tuwuhe sikap nasionalisme kanthi tumindak cidra marang pribumi lan negarane ditindakake para masarakat Indonesia nalika jaman kolonial lan

revolusi. Pribumi akeh kang nyidrani sedulure dhewe lan negarane supaya bisa urip enak lan mulya ora melu dijajah dening bangsa penjajah, kanthi ora mikir kedadeyan kang diolehi ing tembe mburi. *Faktor* internal tuwuhe sikap nasionalisme kanthi tumindak cidra uga ana sajrone novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Kandhane, nalika Seta umur welasan taun, jare wis duwe rasa sengit karo Walanda. Weruh Landa kaya-kaya kepengin ngidoni, utawa mbalang nganggo watu. Dene mulabukane, Seta weruh ing pasar ana tentara Landa muring karo bakul-bakul wadon. Simbok bakul digajuli, ditendangi, dirusak tengok lan dodolane. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-71)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut nuduhake paraga Seta nduweni sikap nasionalisme jalaran nduweni rasa sengit marang Walanda amarga wis nyiksa para pribumi, mligine para wanodya. Kahanan ing petikan kasebut ana ing pasar nalika Seta metu saka omahe. Seta nalika kuwi lagi nandang sedhih amarga dinesuni dening biyunge. Seta lan biyunge pancen ora bisa urip bebarengan, amarga dina Neptune padha karo ibune, mula Seta nggulawentah dititipake dening Pak Like, adhi saka ibune. Kahanan kasebut dilakoni supaya gugon-tuhone ora kedadeyan, biyasane kerep tuwuh pasulayan antarane anak lan ibune. Seta mujudake anak nomer telu saka limang seduluran. Kangmas lan Mbakyune Seta wis padha rabi. Kulawargane Seta dek jaman semana pancen urip kedhungsang-dhungsang. Pungkasane sawijine dina Seta sing lagi sowan marang ibune diweling yen tampah isi tela ing ndhuwur gentheng gage di lebokake amarga arep udan. Seta sing lagi cecaturan marang adhine sing ragil lali ora nglebokake tampah nganthi ibune mulih. Mangerteni tampah wis teles kebes ibune nesu nganthi ora karuwan, mula Seta uga melu nesu lan metu saka omahe dhewe lan Pak Like.

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening paraga Seta kerana tresna marang negarane, nduweni nasib kang padha, dijajah dening bangsa Landa. Tumindak ing petikan kasebut uga nuduhake *faktor* tuwuhe nasionalisme kerana dicidrani dening sedulure dhewe. Paraga Seta nduweni sikap nasionalisme wani nglawan Walanda amarga ora trima yen sedulure digawe lara dening para bule. Kahanan kasebut sing kawiwitan njalari tuwuhe sikap nasionalisme ing jati dhirine Seta, senadyan nalikan jaman semono umure Seta isih cilik.

4.2.2 Faktor Eksternal

Jepang lan tentara kasil ngasorake Rusia taun 1904-1905, kahanan kasebut kerana modernisasi kang ditindakake dening Jepang kang ndadekake ngrembakane ing sakabehe bidhang kayata militer. Kawiwitan anane daya kang diduweni kasebut, Jepang bisa nglawan Korea lan saperangan negara ing Rusia. Kasile Jepang nglawan Rusia kasebut ndadekake tuwuhe semangaté bangsa-bangsa Asia Afrika wiwit bangkit nglawan bangsa Asing ing negarane, kaya dene negara Indonesia.

Andharan kasebut jumbuh karo pangertene Kahin (Sajrone Utomo 1995:40-49) tuwuhe nasionalisme ora uwal saka prastawa-prastawa kang lair ing njabane Indonesia. Tegese *faktor* eksternal ana amarga anene gerakan-gerakan kebangsaan ing nagara Asia-Afrika, kayata: (1) gerakan Turki Muda, salah siji gerakan kanggo nggayuh owahe nasib kang pungkasané nuwuhake revolusi *anti kaum kolot* ing taun 1908, (2) Tuwuh *pergerakan* Kebangsaan Tiongkok kang dipimpin dening Dr. Sunyatse, (3) Perjuangan Mahatma Gandhi ing India, lan (4) Perjuangan Dr. Joze Rizal ing Filipina, lan sakitare. Saliyane pergerakan tuwuh paham-paham anyar ing luar negara kayata nasionalisme, liberalisme, sosialisme, demokrasi lan pan Islamisme uga ndadekake dhasar tuwuhe paham-paham ing panggunane ideologi-ideologi (paham) ing organisasi pergerakan nasional kang ana ing Indonesia. *Faktor* eksternal kang njalari tuwuhe sikap nasionalisme bangsa Indonesia uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Wujud tumindaké ana maneka warna kang bakal diandharake kanthi sub-bab supaya gampang anggona njlentrehake, mula kaperang dadi loro, yaiku (1) *faktor* eksternal gerakan kebangsaan, lan (2) *faktor* eksternal tuwuhe nasionalisme nyidrani pribumi. Petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.2.2.1 Faktor Eksternal Gerakan Kebangsaan

Gerakan kebangsaan mujudake tumindak kang dilakoni dening sakabehe negara kanthi tujuan tartamtu. Tuladhane gerakan kebangsaan kang dianakake dening bangsa Asing nalika jaman kolonial utawa jaman penjajahan. Tujuané ora liya supaya bisa ngasorake negara Indonesia bisa direbut dening bangsa penjajah. Sakabehe cara dilakoni supaya bisa nggayuh apa kang dikapengini. Gerakan-gerakan kasebut kang ndadekake warga negara Indonesia sansaya sengsara, urip sarwa kacingkrangan, lan ora bisa urip bebas.

Masyarakat pribumi mangerteni kahanan kaya mangkunu ora gampang nyerah anggona nglawan, nanging perlawanan kang ditindakake sansaya nggawe bangsa penjajah luwih nindakake gerakan-gerakan liya sing

mbebayani masarakat pribumi. Gerakan kebangsaan kang dilakoni dening negara penjajah tumrap negara Indonesia uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto. Petikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Tanggal 21 Juli tekan 4 Agustus 1947 Walanda gawe pokal maneh. Wujude aksi militer. Sjahrir diundang (DK PBB) diajak ngrembug prakarane Indonesia ing PBB lan gawe *Good offices Committee* (GOC). DK PBB gelem ngaakoni Republik Indonesia lan ora bakal gawe perkara karo Negara Bonekane Walanda. DK PBB nyarujuki pertemuan antarane utusan Indonesia lan Walanda, sasi Desember 1947 ing kapal Amerika Serikat, Renvill, ing Teluk Jakarta. Prajanjen Renvill ditanda tangani 19 Januari 1948 dening Kabinet Amir Sjarifuddin, dene keputusan sing paling penting, Walanda lan Indonesia nganakake *gencatan senjata*. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-10)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut nuduhake menawa sikap nasionalisme kang ditindakake dening para warga Indonesia jalaran anane *faktor* saka luwar utawa bangsa Walanda. Kahanan ing petikan kasebut nalika jaman revolusi Walanda isih kerep nggawe kisruhe Negara. Walanda mangerteni yen para pejuwang Indonesia anggota aksi militer sansaya akeh, mula para Walanda nggawe pokal maneh kanthi anane prajanjen Renvill. Prajanjen Renvill dilandhesi dening kahanan kang saya umub sawise *kesepakatan* ing prajanjen Linggar Jati dicidrani. Pungkasane Indonesia lan Walanda nindakake *gencatan senjata* kang dadi pratandha pungkasan Agresi Militer I. Isi prajanjen Renvill antarane yaiku wilayah kang diakoni dening Walanda mung Yogyakarta, Jawa Tengah, lan Sumatera, TNI kudu ditarik mundur saka Jawa Barat lan Jawa timur utawa wilayah kakuwasaane Walanda, lan garis demarkasi kang dadi pamisah antarane wilayah Indonesia karo dhaerahe Walanda disarujuki.

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening para bangsa Indonesia mujudake sikap nasionalisme jalaran anane prastawa-prastawa kang dianakake dening bangsa Asing kang bakal nggawe sengsarane bangsa Indonesia. Prastawa ing petikan kasebut nuduhake tumindak kang dilakoni dening bangsa Asing sansaya nuwuhake sikap nasionalisme bangsa Indonesia.

4.2.2.2 Faktor Eksternal Tuwuhe Nasionalisme Nyidrani Pribumi

Tumindak cidra marang pribumi nalika jaman kolonial lan revolusi tansah ditindakake dening bangsa penjajah. Tujuwane supaya masarakat pribumi gelem nglakoni apa kang dipengini dening penjajah, nuruti

kabijakan pamerentahane Walanda. *Faktor* eksternal tuwuhe nasionalisme nyidrani pribumi mujudake tumindak kang dilakoni bangsa penjajah kanthi nganakake prastawa kang nggawe kabeh masarakat Indonesia mati alon-alon. Tumindak kasebut kayata anane blockade pangan kang ndadekake pribumi mati kerana kacingkrangan pangan. Tumindak-tumindak kasebut pancen ora gedhe kayata gerakan-gerakan kebangsaan kang nyata, nanging dampak kang diolehi sansaya gedhe kerana langsung marang warga negara Indonesia.

Tumindak nyidrani pribumi kasebut ndadekake pejuwang Indonesia sansaya wani nindakake perlawanan, amarga ora trima yen sedulure dhewe digawe mati sengsara ing negarane dhewe, mula para pejuwang tansah nganakake uga gerakan-gerakan perlawanan kang bisa numpes tentarae Landa. Bab kasebut uga ndadekake tuwuhe sikap nasionalisme warga negara Indonesia. *Faktor* eksternal tuwuhe nasionalisme uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto, petikane bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Pokale Walanda saya kisruh Republik Indonesia. Yaiku gawe aksi blockade pangan saengga nyebakake pageblug tumrap rakyat” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-11)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kuwi nuduhake menawa sikap nasionalisme kang ditindakake dening para warga Indonesia jalaran anane *faktor* saka luwar utawa bangsa Walanda. Kahanan ing petikan kasebut nalika bangsa Walanda nggawe pokal maneh nglawan Indonesia. Kedadeyan kaya mangkono ndadekake para pejuwang menehi piwalesan kanthi cara kang padha. Tuladhane pasukan gerilya kang nemoni tentara Walanda kudu ditumpes kabeh. Kahanan kasebut uga ndadekake para Walanda nekad ngrebut kutha Yogyakarta ing tanggal 18-19 Desember 1948 lan ngringkus Soekarno, Hatta, Agus Salim, Sjahrir, lan pemimpine Indonesia dibuwang menyang Sumatera. Kedadeyan kang mangkono sansaya nggawe tentara lan kaum gerilya ora kendho, malah saya ndadi.

Pambuwangan Ir. Soekarno lan para punggawa bangsa ditindakake kerana anane serangan Maguwo ing tanggal 18 Desember 1948 tabuh 11 luwih telung puluh wayah bengi. Kolonel D.R.A Van Langen tanggal 22 Desember 1948 tabuh pitu mrentah para pemimpin republik supaya mangkat ing Pelabuhan Udara Yogyakarta supaya miber tanpa tujuwan kang cetha, namung pilot kang mangerteni tujuwan sawise mbukak layang. Soekarno wiwit mangerteni sawise ndarat ing Pelabuhan Udara Kampung Dul Pangkalpinang yen dheweke

diasingake ing pulo Bangka. Tujuwane supaya perlawanan kasebut bisa kedadeyan kanthi lancar tanpa anane alangan saka para pejuwang bangsa.

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening para bangsa Indonesia mujudake sikap nasionalisme jalaran anane prastawa-prastawa kang dianakake dening bangsa penjajah. Petikan ing kuwi ndadekake para pejuwang ora wedi mati nglawan Walanda, gerilyawan lan para tentara wani nglawan ing panggon endi wae.

4.3 Wujud Bela Negara Sajroning Novel *Sampur Pambayun*

Bela negara mula bukannya saka tembung bela lan negara. Bela mujudake pawongan kang wani mati mbela negarane, dene negara yaiku salah sijine panggonan kang dipanggoni pawongan kasebut (Pranowo, 94:2001). Bela negara kanthi cara umum bisa dimangerteni sikap patriotisme. Patriotisme dhasare saka basa Greek, yaiku *patriotes* kang nduweni teges kanca senegara lan *Patrice* nduweni teges *fatherland* utawa *country*, yaiku tanah air utawa negara. Andharan kasebut nuduhake menawa bela negara utawa sikap patriotisme yaiku tumindak kang dilakoni dening sakabehe manungsa kanggo mbela negarane, dene patriot mujudake pawongan kang tresna marang negarane lan bakal nindakake apa wae kanggo negarane. Patriotisme nduweni teges “pambela setya negarane”. Pawongan kang lila ngurbanake dhiri pribadhi, banda dunya, kanggo negarane.

Patriotisme mujudake salah siji sikap bela negara lan nasionalis. Rasa patriotes sesambungan karo rasa tresna marang negara. Jaman penjajahan rakyat Indonesia nglawan penjajah kanthi ngangkat bedhil kanggo mujudake Indonesia mardika. Pawongan kang ora bisa teka melu perang fisik, bisa nyengkuyung kanthi tenaga lan bandha. Sakabehe bab kasebut tuwuh kerana anane sikap patriotik kang dilandhesi dening rasa tresna marang negara utawa nasioanalisme minangka warga negara Indonesia. Sikap patriotisme uga dilandhesi dening nilai-nilai lan budaya bangsa. Patriotisme bisa diarani sikap gelem ndeleng, nrima, sarta ngrembakakake watak lan kapribadhe bangsa. Titikane manungsa patriotik antarane yaiku tresna marang negara, ora gampang nyerah, nduweni jiwa *pembaru*, lan nengenake persatuwan lan kesatuwan bangsa tinimbang pribadhi utawa golongan. Jaman Indonesia mardika kaya saiki rakyat wis ora kudu ngangkat bedhile lan nglawan penjajah utawa nindakake perlawanan fisik. Tumindak kang bisa dilakoni supaya bisa mujudake sikap patriotik kang dilandhesi rasa nasionalisme antarane yaiku negakake ukum lan bebener, ningkatake sumber daya manungsane, lan ngurangi rakyat

cilik (*miskin*). Kabeh dilakoni kanthi cara dhewe utawa bebarengan. Saben rakyat Indonesia kudu ngamanake lan mertahanake kamardikan kanthi cara katyasane dhewe-dhewe.

Bela negara mujudake tekad, sikap, lan tumindak warga negara kang ditindakake kanthi runtut lan *menyeluruh* sarta dijiwani saka rasa tresnane marang negara adhedhasar Pancasila lan UUD 1945 supaya bisa njamin panguripan urip bangsa lan negara. Tujuwan bela negara antarane yaiku ngelestareake budaya, mertahanake panguripane bangsa lan negara, nindakake nilai-nilai pancasila kang kinandhut sajroning UUD 1945, nindakake kewajiban minangka warga negara Indonesia, Nindakake pakaryan kang becik kanggo ngrembakake bangsa, lan njaga idhentitas lan *integritas* bangsa lan negara, dene fungsi bela negara antarane yaiku mertahanake negara saka maneka werna ancaman, njaga wutuhe wilayah Indonesia, mujudake tanggung jawab saben warga negara Indonesia, lan isih liya-liyane.

Wujud bela negara uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Supaya anggoné medharake luwih cetha, wujud bela negara kasebut bakal kawedhar kanthi merang dadi subsub bab, yaiku: (1) ora wedi mati, (2) wani nglawan bangsa penjajah, (3) mbelani rakyat cilik (pribumi), lan (4) ora gampang nyerah. Andharan saben perangan kasebut bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.3.1 Ora Wedi Mati

Mati mujudake bab sing wis digarisake dening Gusti kang akarya jagad. Mati yaiku metune sukma saka ragene (manungsa, kewan, lan wit-witan). Mati bisa dadi bab kang diwedeni lan diadohi dening manungsa senadyan manungsa ora bisa mangerteni kapan tumekane pati. Jalarane bisa saka apa wae, bukti nyatane nalika manungsa lagi nandang waras ora lara, pranyata dumadakan bisa nggawe tumekane pati. Kahananane kasebut ndadekake manungsa tansah ngati-ati ngupaya slamet supaya adoh saka tumekane pati, mangkono tumindak kang lumrah amarga manungsa kapengin urip dawa ing dunya iki kanthi ndeleng anak putune bisa bagya lan mulya senadyan Gusti wis nggarisake menawa jodho, pati, lan rezeki ana ing tangane.

Sikap ora wedi bisa ditegesi wani. Manungsa kang kagolong wani, mujudake manungsa kang ora nduweni rasa wedi, nanging manungsa kang nduweni rasa wedi mesthine wedi karo bab kang samesthine, ing wektu kang pas, lan cara kang bener, dadi manungsa kaya mangkono dudu manungsa kang ora nduweni rasa wedi, nanging wedine kerana bab kang samesthine. Mula sikap

wani bisa ditegesi nduweni ati kang mantep lan rasa pitaya marang awake dhewe sajroning nindakake apa wae, nanging sikap wani uga bisa dilandhesi dening salah sijine kahanan. Tegese sikap wani tuwuh kerana kapenginan uwal saka kahanan kang dianggep ngresahake. Tuladhane rasa wani kang dilakoni dening bangsa Indonesia nglawan penjajah amarga kapenginan uwal saka jajahane Landa.

Jaman penjajahan bangsa Landa ing Indonesia, akeh pribumi sing ilang nyawane kanthi dipateni dening Walanda. Pribumi kang dianggep ora matuhi prentahe Landa wis mesthi bakal kena pakuman. Bisa langsung diukum mati uga bisa disiksa kanthi tumekane pati dening para Landa utawa antheke-antheke Landa. Mokal yen para pribumi isa nylametake saka pakuman kajaba manut marang prentahe Landa, mula akeh pribumi kang pasrah marang kahanan.

Ora kabeh pribumi pasrah marang kahanan, ana kang wani nglawan utawa mbalela jalaran kapengin uwal saka penjajahan lan urip mardika. Tumindak kasebut mesthine ndadekake nesune bangsa Landa, mula anggone nindakake perlawanan kudu dilakoni kanthi ora wedi mati. Senadyan para pribumi mangerteni pakuman sing bakal diolehi yen mbalela saka penjajah, nanging kerana tekade penjajah uga ora bisa nyuda kekarepane pribumi uwal saka bangsa penjajah. Kedadeyan kaya mangkono uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Petikan sajroning novel bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Nalika melu perang gerilya mujudake laku: sepi ing pamrih, tanpa pamrih. Kabeh kanggo nggayuh kamardikan bangsa lan negarane. Amarga saka iku dheweke ora duwe rasa wedi karo mungsuh saka manca negara, amarga wis bisa ngwetrapake “digdaya tanpa aji”. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-39)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kuwi nuduhake wujud bela negara kang ditindakake dening para gerilyawan. Petikan kasebut kedadeyan nalika pangripta medharake jaman perjuwangan paraga Seta mungsuh Walanda. Seta sing lagi wae nganakake kagiyatan ngepyakake Padhepokan Panji Lelana tansah ngeling-eling anggone padha adus kringet ing mangsa revolusi duk ing nguni. Seta kelingan dheweke lan kanca-kancane melu perang gerilya sing ora wedi mati nglawan Walanda amarga kabeh para gerilyawan nduweni ajian sing ora gampang diasorake dening Landa. Negara Indonesia khususé masarakat Jawa pancen nduweni filsafating urip kang bisa didadekake piwulangan supaya dadi manungsa kang nduweni akal lan pikiran becik. Kaya dene filsafat

kang diugemi dening para gerilyawan. Tuladhane “Digdaya Tanpa Aji” kang nduweni teges kakuwatan kang ana sajroning dhiri pribadhi manungsa ora mesthi saka ilmu kang sekti nanging kerana nyuwun marang Gusti kang akarya jagad kang menehi kadigdayan luwih ora gampang diasorake dening mungsuh,

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening para bangsa Indonesia mujudake wujud bela negara ora wedi mati. Sikap ora wedi mati kang ditindakake dening bangsa Indonesia jalaran masarakat wis kapengin uwal saka jajahane Landa. Para Gerilyawan tansah ngugemi sakabehe samubarang kang ndadekake Indonesia bisa nggayuh kamardikan sejati. Bisa urip ing negarane tanpa ana kang njajah.

4.3.2 Wani Nglawan Bangsa Penjajah

Kolonialisme ing Indonesia ndadekake para pribumi nandang susah. Warga Indonesia ora bisa bebas nindakake sakabehe pakaryan. Kabeh tansah diawasi lan dituntun dening para Landa. Kabeh panjaluke lan undang-undange kudu tansah dipatuhi, yen ana pribumi sing mbangkang lan mbalela bakal kena pakuman. Bisa-bisa ora mangerteni garwa lan anake maneh. Undang-undang sing kudu dipatuhi kaya dene *kerja paksa* utawa *kerja rodi*, kudu menehi upah marang Landa, mbayar pajeg lan isih akeh undang-undang liyane. Bab kasebut ndadekake panguripane pribumi saya sengsara.

Tumindak bangsa Walanda sing saya nggawe kisruhe negara kasebut ndadekake pribumi nduweni tekad nglawan lan nentang supaya bisa urip mardika, nanging ora kabeh para pribumi nuduhake tumindak kanthi cara langsung supaya ora dimangerteni dening para Walanda, nanging uga ora saithik sing cetha wani nglawan lan nentang para Walanda supaya bisa nggayuh kamardikan. Ora mung para rakyat, nanging kerajaan-kerajan ing nuswantara uga melu nyengkuyung anane *perlawanan* marang bangsa Asing. Tumindak sing kaya mangkono bisa diarani warga kang nduweni sipat bela negara, ora wedi marang bangsa Walanda. Wujud nglawan kang dilakoni dening pribumi lan para kerajaan-kerajaan ing Indonesia akeh banget, tuladhane *perlawanan* marang VOC kang ditindakake dening kerajaan Mataram.

Mataram kasil nggayuh masa kejayaan nalika dipimpin dening Sultan Agung. Sultan Agung nduweni kapenginan nyawijiake pulo Jawa, mula Sultan Agung ngupaya kanggo ngusir VOC. Serangan Mataram marang VOC ditindakake kaping loro, serangan siji taun 1628 kang dipangarsani dening Tumenggung Bahurekso, Suro Agul-agul, Dapi Uposonto, Dipati Mandurejo lan Dipati Ukur. Serangan kaping loro taun 1629 kang dipangarsani

dening Pangeran Puger lan Pangeran Purbaya. Keloro serangan kasebut ora kasil anggone numpas VOC, amarga pasukan Mataram kacingkrangan piranti pangan, piranti perang uga kalah modern saka VOC, panggonan Mataram lan Batavia adoh banget, pageblug penyakit kolera, lan pasukan VOC luwih mangerteni kahanan perang. *Perlawanan* marang VOC sansaya surut kerana Sultan Agung seda tanggal 1645, lan diganteni dening Amangkurat I sing luwih pro marang VOC, nanging isis ana *perlawanan* kang ditindakake dening Turnojoyo, Untung Suropati, Pangeran Mangkubumi, lan Pangeran Mas Said. *Perlawanan* Mangkubumi pungkasané nuwuhake prajanjian antarane Walanda sinebut prajanjian Giyanti taun 1755. Isi prajanjian kasebut anatarane yaiku: (1) Mataram dibage loro, yaiku Mataram Kulon (Yogyakarta) lan Mataram Wetan (Surakarta), lan (2) Mangkubumi (Sultan Hamengkubuwono I) nguwasani Mataram Kulon lan Pakubuwono ing Mataram Wetan.

Novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto ngandhut bab kang ngandharake wujud bela negara kanthi wani nglawan para Walanda uga anthek-antheke. Tumindak kasebut tansah dilakoni amarga nduweni kapenginan uwal saka penjajah lan urip mardika ing bumi nuswantara. Tumindak wani nglawan Walanda sajroning novel kasebut bisa dipirsani ing petikan ngisor iki.

“Nemahi kahanan kaya ngono, perlawanan saka tentara lan kaum gerilya ora kendho, nanging malah saya ndadi. Para gerilyawan lan tentara wani nyerang Walanda ing ngendi wae tanpa duwe rasa wedi”. (Novel *Sampur Pambayun* kaca-11)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan lan narasi saka pangripta sajroning novel. Petikan kasebut nuduhake tumindak bela negara kang ditindakake dening bangsa Indonesia amarga wani nglawan bangsa penjajah. Kahanan ing petikan kuwi kawedhar ing bab pambuka sajroning novel lan wujud *perlawanan* bangsa Indonesia marang Walanda. Petikan kasebut kedadeyan amarga para pribumi mangerteni yen Landa nggawe kisruh Republik Indonesia, yaiku aksi blokade pangan saengga nyebabake pageblug ing masarakat. Blokade mujudake pengepungan ing sawijine dhaerah, kawasan, panggon utawa negara saengga pawongan, piranti, kapal lan sakabehe ora bisa mlebu metu kanthi bebas. Blokade pangan kang ditindakake dening Walanda marang Indonesia mujudake bab kang ora bisa diampuni maneh, aksi kasebut ndadekake pageblug sansaya nggawe pribumi ora ndhuwe daya nglawan Walanda.

Mangerteni para pendhudhuk Indonesia panguripane sansaya sengsara, para pejuwang sansaya wani anggone nglawan bangsa Landa. Prasasat ngetrapake unen-unen “sanyari bumi didohi pati”, para gerilyawan lan tentara wani nyerang Walanda ing ngendi wae tanpa nduwe rasa wedi. Tegese yen ana sing ngganggu bangsané bakale mbela senadyan bisa ngilangake nyawa. Petikan kasebut nuduhake wujud bela negara ora wedi nglawan Walanda kang ditindakake dening para gerilyawan lan pejuwang Indonesia. Kahanan ing petikan kasebut ditindakake dening gerilyawan amarga wis mangkel karo pokale Walanda nggawe sengsarane masarakat Indonesia. Kahanan ing petikan kuwi ditindakake supaya masarakat bisa uwal saka penjajah.

4.3.3 Mbelani Rakyat Cilik (Pribumi)

Jaman kolonialisme lan jaman revolusi ing Indonesia nyebabake para pribumi nandang rekasa. Pokale Walanda saya suwe nggawe pribumi dadi urip saya kacingkrangan. Angel sandhang lan pangan. Para warga negara Indonesia mung ngemu kasengsaran. Kahanan kaya mangkono ora digatekake dening para penjajah jalaran anggone kepingin ngrebut bangsa Indonesia sansaya murub. Masarakat pribumi sing wedi kena pakuman kapeksa pasrah marang kahanan kasebut, ning uga ana pribumi sing ora gelem didadekake bonekane Walanda.

Para pribumi sing nduweni kapinteran bakal maju nantang para Walanda. tumindak kasebut bisa lumantar peperangan utawa bisa uga wawan rembug. Kahanan kasebut dilakoni amarga ora trima yen negarane sida direbut bangsa penjajah. Saliyane iku uga ora trima yen sedulure tansah disiksa dening Walanda. Tumindak kasebut dilakoni jalaran wis kapengin banget uwal saka jajahane Landa lan kapengin urip mardika kaya sadurunge. Warga pribumi kasebut tuladhane pejuwang Muhammad Husni Thamrin. Thamrin kasil numpas Ordonansi Sekolah Liar kang muncul tanggal 27 September 1933. Organisasi kasebut ndadekake sekolah-sekolah Swasta kaya Taman Siswa kagugane Ki Hajar Dewantara bisa ditempas dening Landa amarga ngganggu ketentremane Landa. Kahanan kasebut ndadekake Thamrin lan para pejuwang liyane kayata Sam Ratulangi lan Ki Hajar Dewantara ngupaya nglawan. Thamrin nduweni pamikiran yen sekolah swasta lan para gurune kasebut ora mbebayani, malah yen ora ana sekolah-sekolah swasta kasebut, bocah-bocah pribumi ora pikantuk pendhidhikan lan sikap nasionalisme ora diwarisi kerana anane sekolah-sekolah kasebut. Pungkasané ing tanggl 1 April 1934, kerana upayane Thamrin lan sakanca, kasil numpas Ordonansi kasebut. Saliyane Husni Thamrin, uga ana pejuwang saka Yogya sing wani mbelani rakyat cilik utawa pribumi, yaiku Pangeran Dipanegara.

Pangeran Dipanegara lair ing Yogyakarta tanggal 11 November 1785, nduweni jeneng cilik yaiku Mustahar, lan gelar kaprajan yaiku Raden Mas Ontowiryo. Pangeran Dipanegara mujudake putra saka Sulatan Hamengkubuwono III. Pangeran Hamengkubuwono wani nglawan Walanda amarga mbelani rakyat nalika jaman kolonial para Landa mbebanani pajek para pribumi lan mbangun tiyang pancang kanggo kawigatene bangsa Landa dhewe kanthi ora perduli dening adhat istiadhat mbangun ing dalan sing dianggep sakral dening masarakat. Pangeran Dipanegara pungkasané nganakake *perlawanan* marang Walanda kanthi njupuk kakuwatan saka masarakat sipil. Dipanegara uga kasil mangaribawani masarakat supaya bebarengan nglawan para Landa kang dipangasani dhewe dening Pangeran Dipanegara. Kedadeyan kasebut mula diarani Perang Dipanegara sasuwene limang taun wiwit 1925 nganti 1930. Pangeran Dipanegara kasil ngrebut wilayah Jatingale Semarang nganti Ungaran. Perang Dipanegara surut ing tanggal 28 Maret 1830 amarga para prajurit kacingkrangan piranti pangan. Prajurit kolonial pungkasané bisa ngepung Pangeran Dipanegara ing Magelang supaya nyerah nglawan para Landa.

Bela marang rakyat utawa pribumi mujudake salah siji wujud bela negara. Tumindak kasebut jalaran masarakat nduweni rasa nasionalisme. Novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto ngandhut bab kang ngandharake wujud bela negara mbelani para pribumi. Para masarakat kasebut uga nduweni kekarepan lan tujuan kang padha, yaiku uwal saka penjajah. Petikan sajroning novel bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Pokale Walanda saya kisruh Republik Indonesia. Yaiku gawe aksi blockade pangan saengga nyebakake pageblug tumrap rakyat, sabanjure uga ngringkus Soekarno, Hatta, Agus Salim, Sjahrir, lan pemimpin liyané banjur dibuwang menyang Sumatera” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-11)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kuwi nuduhake menawa wujud bela negara kang ditindakake dening para pejuwang Indonesia. Kahanan ing petikan kasebut nalika bangsa penjajah nggawe pokal maneh nglawan Indonesia. Kedadeyan kaya mangkono para pejuwang menèhi piwalesan kanthi cara kang padha. Tuladhane pasukan gerilya kang nemoni tentara Walanda kudu ditumpes kabèh. Kahanan kasebut uga ndadekake para Walanda nekad ngrebut kutha Yogyakarta ing tanggal 18-19 Desember 1948 lan ngringkus Soekarno, Hatta, Agus Salim, Sjahrir, lan pemimpiné Indonesia dibuwang menyang Sumatera. Bung Karno lan Sutan Sjahrir lan Agus Salim dinyatakake minangka tahanan politik dening

Hindia Walanda ing Berastagi, ing kana para pejuwang arep dipaten, nanging rencana kasebut ora kasil amarga ora tega yen arep mateni Soekarno. Ora suwe dheweke lan para pejuwang bangsa dipindhah ing Parapat, persise ing ngarepe kali Toba. Kedadeyan kang mangkono sansaya nggawe tentara lan kaum gerilya ora kendho, malah saya ndadi.

Andharan kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening para bangsa Indonesia mujudake sikap mbelani rakyat cilik utawa pribumi. Para pejuwang ora meneng wae nalika sedulure sengsara amarga pokale Landa sing saya nentang lan kapengin ngrebut Indonesia. Petikan kasebut ndadekake para pejuwang ora wedi mati nglawan Walanda, gerilyawan lan para tentara wani nglawan ing panggon endi wae.

4.3.4 Ora Gampang Nyerah

Indonesia rikala semana dadi negara jajahan Walanda sasuwene 350 taun. Urip sangsara lan kacingkrangan wis dirasakake dening bangsa Indonesia. Kabèh kahanan kasebut jalaran tumindak bangsa Walanda sing sakarepe dhewe marang para pribumi. Kahanan kasebut ndadekake saperangan pribumi wani nentang para penjajah. Senadyan tumindak ora gampang diasorake dening Walanda, nanging warga pribumi terus ngupaya anggane nggayuh kamardikan.

Ora gampang nyerah mujudake sikap sing kudu ditindakake dening para pribumi supaya bisa nggayuh kamardikan kang sejati. Saliyané ora gampang nyerah uga kudu tuwuh rasa semangat sing gedhe supaya para Walanda mangerteni yen warga Indonesia wani nentang Walanda. Nduweni pikiran positif mujudake salah siji bab sing bisa njalari tuwuhe sikap ora gampang nyerah. Positif bisa numpas Walanda. Saliyané iku uga kudu nduweni sikap optimis, yakin marang awake dhewe lan negara bisa ngasorake bangsa asing.

Manungsa kang nduweni sipat ora gampang nyerah, ing dhiri pribadhiné ora ana tembung nyerah lan mesthi bisa munggah saka tibane. Senadyan akeh alangan sing kedah dilakoni, manungsa kang nduweni sipat ora gampang nyerah tansah ngupaya kanggo mujudake kepenginané. Saliyané bab kasebut, wong kang kasil nggayuh kekarepané mujudake pawongan kang bisa nahan nesu. Ora mesthi ndelengake kahanan sedhik, seneng, utawa susah. Kabèh dilakoni kanthi normal lan ora prelu *sensitif* marang sakabehe kahanan kang dirasa ora mantèping ati. Bisa dimangerteni yen pawongan kang mesthi nuwuhake rasa nesune bisa ditegesi pawongan kang bakal ngrugekake awake dhewe, mula para pribumi ing

Indonesia kudu nduweni sikap sabar ora gampang nesu supaya ora gampang diasorake dening mungsuh.

Ora gampang nyerah mujudake salah siji wujud bela negara. Tumindak kasebut jalaran masarakat Indonsia wis kesel banget marang pokale Landa sing kapengin ngerebut Indonsia. Novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto ngandhut bab kang ngandharake wujud bela negara ora gampang nyerah nglawan Walanda. Petikan sajroning novel bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Walanda gawe kisruh maneh ing tanggal 19 Desember 1948 kanthi jeneng *Operati Kraai* sing dipandhegani deni Simoon Spoor, tentara gerilya kang dipangarsani dening Soedirman ora banjur pasrah” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-12)

Petikan kasebut mujudake perangan kaca wiwitan sajroning novel lan narasi saka pangripta. Petikan kasebut uga kedadeyan nalika Agresi Militer II utawa Operasi Gagak. Kedadeyane diwiwiti nyerang Ibu Kutha Yogyakarta. Soekarno lan Mohammad Hatta, Sjahrir lan saperangan tokoh liyane. *Operati Kraai* mujudake jeneng kodhe kanggo *ofensif militer* Walanda kanggo Republik Indonesia. Kahanan kasebut Walanda kasil ngrebut Yogyakarta lan mbuwang para tokoh pahlawan Indonesia. *Politie Actie* keloré nduweni ancas supaya Republik gelem bebarengan nindakake kabijakan federal kaya kang diatur ing prajanjian Linggar Jati. Tujuwan utama Walanda supaya bisa ngatur Indonesia anyar minangka negara federal kang tansah mbutuhake negara Walanda. Tumindak kang diananke dening Walanda kasebut sansaya nggawe murube perjuwangan para pribumi.

Andhara kasebut nuduhake menawa tumindak kang dilakoni dening para bangsa Indonesia mujudake wujud bela negara ora gampang nyerah jalaran anane perlawanan saka bangsa penjajah. Tumindak kang dianakake ing petikan kasebut ndadekake bangsa Indonesia nindakake wujud bela negara sansaya gedhe, luwih-luwih mangerteni yen pejuwang kamardikan Indonesia wis dibuwang saka Ibu Kutha Ngayogyakarta, mula ora gampang kanggone Walanda bisa ngasorake para gerilyawan kanthi tumekane serangan umum 1 maret 1949.

4.4 Wujud Cidra Marang Nasionalisme Sajroning Novel *Sampur Pambayun*

Wujud cidra kang ana nalika jaman kolonialisme lan revolusi uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Tumindak nyidrani negara lan sedulure dhewe kasebut ndadekake masarakat pribumi wani nglawan para penjajah lan anthek-antheke. Tumindak-tumindake bisa mangaribawani sikap nasionalisme ing dhiru pribadhiné saben paraga. Nyidrani

bangsane dhewe sajroning novel ditindakake dening para pribumi lan gerilyawan, supaya bisa kawedhar kanthi cetha, mula ing ngisor iki bakal dijlentrehake kanthi subsub-bab. Perangane yaiku, (1) tumindak nyidrani nasionalisme marang negara negara, lan (2) tumindak nyidrani nasionalisme marang pribumi. Andharan saben perangan kasebut bisa dipirsani ing ngisor iki.

4.4.1 Tumindak Nyidrani Nasionalisme Marang Negara.

Wujud cidra marang negara kang ana nalika jaman kolonialisme uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Tumindak kasebut ditindakake dening pribumi supaya ora urip sengsara lan urip sarwa kacingkrangan. Ora perduli sabab-akibate apa kang bakal kedadeyan ing tembe mburi. Pethikan sajroning novel bisa dipirsani ing ngisor iki.

“Patih Danureja sejatine duwe sesanggeman dhobel, utawa duwe “sirah loro”. Minangka Papatih Dalem kang kudu setya tuhu marang Ngarsa Dalem Sultan HB IX. Kejaba iku uga kedhapuk dadi paramparaning Ratu Wilhelmina (Walanda) kang cetha-cetha njajah Indonesia.” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-2)

Pethikan kasebut nggambarake wujud cidra kang ditindakake dening para pribumi marang negarane. Kahanan ing pethikan kasebut kedadeyan nalika jaman kolonialisme. Tanggal 1 Agustus 1945 Ngarsa Dalem wis nganakake owah-owahan tumraping Punggawa kaprajan. Sultan Hamengku Buwono IX nglereni Kangjeng Pangeran Harya (KPH) Danureja VIII saka kalungguhane dadi Papatih Dalem. Tujuwane supaya gampang anggane Indonesia nggayuh kamardikan. Tujuwan kasebut amarga KPH Danureja VIII sejatine nduweni sirah loro. KPH Danureja VIII jumbuhake Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat bisa jumbuh karo tatanan Pamerentaha Republik Indonesia kang wujud koloni lan katelah Hindia Walanda. Saliyane kuwi KPH Danureja uga dadi paramparaning Ratu Wilhelmina kang cetha-cetha njajah Indonesia. Kedadeyan kasebut ndadekake Sultan Hamengku Buwono IX nglereni KPH Danureja minangka Papatih Dalem. Pethikan kasebut nuduhake tumindak cidra kang ditindakake dening bangsa Indonesia marang negarane.

4.4.2 Tumindak Nyidrani Nasionalisme Marang Pribumi

Wujud cidra marang pribumi kang ana nalika jaman kolonialisme uga ana sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharto. Tumindak kasebut ing jaman semana ora dianggep aneh amarga para

Walanda menehi janji. Motivasi bangsa Indonesia maneka warna, ana kang kapengin diangkat dadi raja utawa pangarsaning salah siji wilayah, dadi pegawe sipil, uga mung kapengin diwenehi upah kanggone masarakat biyasa. Kahanan kasebut sansaya dadi pakewuhe bangsa Indonesia anggone nggayuh kamardikan kang sejati. Pethikan sajroning novel bisa dipirsani ing ngisor iki.

“ Seta weruh dhewe ing pasar ana tentara Landa muring karo bakul-bakul wadon. Embuh sebabe apa. Simbok bakul-bakul digajuli, ditendhang, dirusak tenggok lan dodolane.” (Novel *Sampur Pambayun* kaca-71)

Kahanan ing pethikan kasebut ana ing pasar nalika Seta metu saka omahe. Seta mangerteni ana para bule lan antheke Landa nindakake tumindak degsiya marang wanodya. Seta sing isih cilik mangerteni kahanan kaya mangkono ora bisa paring tetulung marang sedulur saperjuwangane. Pancen akeh saperangan pribumi kang dadi antheke-antheke Landa supaya ora urip kacingkrangan. Kahanan kasebut kang njalari akeh pribumi sesinglon dadi telik sandine Landa. Andharan kasebut nuduhake yen akeh tumindak kang dilakoni dening saperangan bangsa pribumi nyidrani negarane dhewe.

D. PANUTUP

Novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto mujudake salah sawijine novel kang ngandhut bab nasionalisme. Andharan kasebut kadudut sawise ditindakake panliten tumrap isi sajroning novel *Sampur Pambayun* kanthi nggunakake tintingan postkolonial. Asile panliten kawedhar kanthi ana patang perkara sing cundhuk karo underane panliten. Wujud representasi sikap nasionalisme sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto kawedhar kanthi tumindake para paraga kang tresna marang negara, luwih nengenake wigatine bangsa, nyengkuyung marang pambangunan, lan tanggung jawab marang pribadhi lan bangsa kaya kang ditindakake dening para paraga, kaya dene Seta, Pitaya, Sura Wijaya, Prayitno, lan liya-liyane.

Sikap nasionalisme tuwuh kerana rong faktor kang mangaribawani, yaiku faktor internal (saka njerone bangsa) lan faktor eksternal (saka njabane negara). Saliyane faktor internal lan faktor eksternal, uga ana dhekriminasi dening para antheke-antheke Landa lan uga kulawarga ningrat utawa priyayi agung. Wujud nasionalisme saliyane kaya kang dijlentrehake kasebut, uga ana wujud bela negara kang didhasari saka sikap nasionalisme. Wujud bela negara dilakoni kanthi ora wedi mati, wani nglawan penjajah, mbelani rakyat cilik (pribumi) lan ora gampang nyerah. Anane tumindak kasebut supaya dadi patuladhan warga Indonesia supaya tansah nikelake rasa manunggal antarane para pribumi siji

lan sijine uga bisa ngukuhi negara. Paraga sajroning novel *Sampur Pambayun* bisa didadekake patuladhan tumrap warga negara supaya tansah berjuwang nglawan para penjajah.

Novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto mujudake salah sawijine novel kang ngandhut bab nasionalisme. Andharan kasebut kadudut sawise ditindakake panliten tumrap isi sajroning novel *Sampur Pambayun* kanthi nggunakake tintingan postkolonial. Asile panliten kawedhar kanthi ana patang perkara sing cundhuk karo underane panliten.

Wujud representasi sikap nasionalisme sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitane R. Toto Sugiharto kawedhar kanthi tumindake para paraga kang tresna marang negara, luwih nengenake wigatine bangsa, nyengkuyung marang pambangunan, tanggung jawab marang pribadhi lan bangsa, ngutamakake ukum lan mujudake *keadilan sosial*, lan siyap *kompetisi* karo negara liya, kaya kang ditindakake dening para paraga, kaya dene Seta, Pitaya, Sura Wijaya, Prayitno, lan liya-liyane. Tumindak kanthi melu gerilyawan mardikakake Indonesia saka penjajahan bangsa Eropa, dene kanthi cara ora langsung ditindakake dening Mas Jun, Sultan HB, Sultan Bima lan liya-liyane kanthi cara menehi bandha dunya kanggo ngadeging kamardikan. Sakabehe tumindak kasebut jalaran nduweni sikap nasionalisme.

Sikap nasionalisme tuwuh kerana rong faktor kang mangaribawani, yaiku faktor internal (saka njerone bangsa) lan faktor eksternal (saka njabane negara). Saliyane faktor internal lan faktor eksternal, uga ana dhekriminasi dening para antheke-antheke Landa lan uga kulawarga ningrat utawa priyayi agung, dene kang dadi kurban mujudake warga pribumi utawa rakyat cilik sing ora ndhuwe kalungguan ndhuwur. Kahanan kaya mangkono kang ndadekake warga pribumi tuwuh sikap nasionalisme. Kapengin bebarengan urip ing negara kang mardika. Tuladhane kaya kang disandhang dening Seta, Prayitno, lan Pitaya, kang dadi anggota laskar amarga mesakake marang kahanan negarane sing saya congkrah kerana pokale para Landa.

Wujud nasionalisme saliyane kaya kang dijlentrehake kasebut, uga ana wujud bela negara kang didhasari saka sikap nasionalisme. Wujud bela negara dilakoni kanthi ora wedi mati, wani nglawan penjajah, mbelani rakyat cilik (pribumi) lan ora gampang nyerah. Anane tumindak kasebut supaya dadi patuladhan warga Indonesia supaya tansah nikelake rasa manunggal antarane para pribumi siji lan sijine uga bisa ngukuhi negara. Paraga sajroning novel *Sampur Pambayun* bisa didadekake patuladhan tumrap warga negara supaya tansah berjuwang nglawan para penjajah.

Sakabehe andharan kasebut supaya bisa kawujud kudu ana pangurbanan kang kudu dileksanani kanggo negara. Tegese luwih nengenake wigatine bangsa tinimbang dhiri pribadine. Kaya dene kang ditindakake dening paraga Seta lan Salami kang gelem sesinglon, adoh saka omahe lan kulawarga supaya bisa nyengkuyung Indonesia mardika. Urip ora sarwa kacingkrangan, uga uwal saka negara jajahane Landa.

Walanda ora bakal bisa njajah Indonesia sasuwene telung atus telung puluh taun yen ora ana bab kang mangaribawani. Salah sijine kerana anthek-entheke Landa, yaiku pribumi. Akeh pribumi kang mbalela nyidrani bangsane dhewe amarga kapenginan urip sarwa kacukupan. Akeh pribumi kang didadekake budake Landa supaya gelem nentang bangsane dhewe. Tumindak cidra kang dilakoni ing jaman kolonial sajroning novel *Sampur Pambayun* anggitané R. Toto Sugiharti kawedhar kanthi tumindake pribumi kang nyidrani negara lan nyidrani sedulure dhewe. Tumindak kasebut amarga luwih nengenake wigatine dhewe tinimbang wigatine bangsa. Kahanan kaya mangkono ndadekake Indonesia ora gampang anggone ngasorake bangsa penjajah, nanging uga ora saithik kang wani mbalela marang pamerentahane Landa lan berjuwang nganthi tumekane pati. Wujud sikap nasionalisme kang diduweni dening bangsa Indonesia sajroning novel kasebut ndadekake tuwuhe kamardikan sejati. Paraga Seta, Prayitno, Pitaya, lan anggota laskar uga pejuwang liyane wis kasil numpas para penjajah bali neng dhaerahe dhewe-dhewe, nganthi tumeka saiki.

E. KAPUSTAKAN

- Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Wellek, R & Warren. A. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT. Gramedia
- Widati, Sri. 2010. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern: Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada Press
- Purnomo, Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya
- R. Toto Sugiharto. 2018. *Novel Sampur Pambayun*. Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Postkolonialisme Indonesia Relevansi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya University Press

Endraswara, Suwardi. 2013. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

Martono, nanang. 2012. *Sosiologi Perubahan Sosial: Prespektif, klasik, modern, postmodern, dan postkolonial*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Nursito. 2003. *Ikhtisar Kesusastraan Indonesia*. Yogyakarta: Adicita Karya

Aziz, Sohaimi Abdul. 2003. *Teori dan Kritikan Sastra: Modernisasi, Pascamodernisme, Pascakolonialisme*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka

Cahyo B. Utomo. 1995. *Dinamika Pergerakan Kebangsaan Indonesia*. Semarang: IKIP Semarang Press

Aminuddin. 2002. *Pengantar Apresiasi Sastra*. Bandung: Sinar baru

Arikunto, S. 2006. *Prosedur Penelitian: Studi Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Purnomo, Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya

Juliastuti, Nuraini. 2000. *Representasi dalam Newsletter KUNCI No.4*. John's University sajrone
<http://kunci.or.id/esai/nws/04/representasi.htm> pdf. Kaakses 10 November 2019

Anggraeni, Fatur. 2004. *Nasionalisme: Buletin Psikologi Tahun XII*. Yogyakarta: Fakultas Psikologi Universitas Gadjah Mada

Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa

F. ATUR PASUNGSUNG

Agunging panuwun dhumateng ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Welas ugi Asih ingkang kersa paring lumeberipun rahmat, saha dhumateng Kanjeng Nabi Muhammad SAW minangka pepadhangipun jagad.

Panliten punika kula aturaken kagem:

Bapa kula Heri Agung Sakti Wibawa kaliyan Ibu kula Sulastri ingkang tansah paring dedonga saha pangestunipun, saengga kula dados pawongan ingkang angsal ridhanipun Gusti lan lancar anggenipun ngrampungaken panliten menika.

Bapa saha Ibu Dhosen Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, Bapa Guru SD ngantos SMA, matur nuwun sanget piwulang lan panggulawenthahipun.

Kanca-kanca angkatan 2016, mligine 2016-A ingkang sampun dados kulawarga, matur nuwun sampun paring wejangan ugi panyengkuyungipun anggenipun kula ngrampungaken artikel menika.

Kagem kanca nunggal bimbingan, Desi, Yogi, Dianti, Every, Lisia, Anggi, Nanda, matur nuwun sampun kersa nyarengi lan ngancani kula nalika bimbingan. Kanca kos ingkang sampun dados kulawarga nalika ngangsu kawruh ugi urip bebarengan wonten Surabaya, sarta kanca-kanca wonten griya ingkang mboten saged kula sebat setunggal-setunggal, matur nuwuh sampun paring dedunga saengga kula gampil anggenipun ngrampungake skripsi menika.

Inggang pungkasan kula aturaken matur nuwun kagem kangmas kula Arifindra B.P ingkang sampun paring semangat, paring panyengkuyung supados panliten menika saged rampung.